**МУНИЦИПАЛЬНОЕ ОБРАЗОВАНИЕ «БУЙНАКСКИЙ РАЙОН»**
**МУНИЦИПАЛЬНОЕ БЮДЖЕТНОЕ ОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ**
**«Чиркейская гимназия имени Саида Афанди аль Чиркави»**

| «Рассмотрено» | «Согласовано» | «Утверждено» |
| --- | --- | --- |
| Руководитель ШМО<br>по---филологов---<br>Хант--- Джамалдинова<br>Ф.И.О.<br>Протокол № ----1 -------<br>От «30» августа 2024 г. | Заместитель директора по УР<br>Мамаков Г.А. ---------------<br>« 31 » августа 2024г. | Директор<br>Казиева З.М.<br>---------------<br>Приказ № ---------------<br>От « 31 » августа 2025 г. |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

по родному языку

(наименование учебного курса)

для 10-11 класса

**Абдурахмановой Мадинат Салиховны**

(ФИО учителя квалификационная категория)

**2024-2025 учебный год**

# Рабочая программа по родному языку

***Программаялъе баян.***

Жакъасеб школалда т1адаб борч ккола г1ун бач1унеб г1елалъе гъваридаб ва щулияб г1елмияб лъай кьей, гьеб жидер практикаялъулъ х1алт1изабизе ругьун гьари, дунялалдехун материалистияб бербалагьи лъугьинаби.

Гьеб масъала г1умруялде бахъинабиялъулъ к1удияб бак1 ккола рахьдал мац1алъ.

Миллиял школазда рахьдал мац1 малъиялъул аслияб мурад буго бац1ц1адаб литературияб мац1алда жидерго пикру эркенго загьир гьабизе ц1алдохъаби ругьун гьари (бицунги, хъванги),

Мац1 берцин гьабулеб алаталдаса пайда боси, миллияб художествияб ва г1елмияб литература ц1али ва бич1ч1и.

Авар литературияб мац1алъул кьуч1 ккола болмац1, амма литературияб мац1 бечелъизе к1вар бугеб маг1данлъун ккола киналго диалектал ва наречиял. Цогидал мац1азго г1адин авар мац1алъги г1аммаб куцалда т1олго маг1арулазул рух1ияб бечелъи жанибе бачуна.

**Школалда авар мац1 малъиялда цереч1арал масъалаби**

Авар мац1 школалда лъазабиялда цереч1арал масъалабилъун ккола: ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби, пасих1го ц1али камиллъизаби ва каламалъул культура борхизаби.

Школалда авар мац1 малъиялъул мурад буго: ц1алдохъабазе фонетикаялъул, лексикаялъул, раг1и лъугьиналъул ва хисиялъул, грамматикаялъул, стилистикаялъул х1акъалъулъ лъай щвей, жамг1ияб г1умруялда жаниб гьелъул к1вараралъул х1акъалъулъ баянал кьей, бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби камиллъизари, лъималазул раг1ул нахърател бечелъизаби.

**V-IX классазда авар мац1алъул курсалъул г1уц1и**

Рахьдал мац1алъул программаялда рекъон, 5-9 классазда ц1алдохъабазда малъизе ккола фонетика, графика, лексика, раг1и лъугьин,грамматика (морфология, синтаксис). Гьединго ц1алдохъабазда лъазе ккола стилистикаялъул ва мац1алъул х1акъалъулъ г1аммал г1елмиял баянал. Ц1алдохъаби ругьунлъизе ккола бит1ун хъвазе, бит1ун ц1ализе, калам г1уц1изе ва лъалхъул ишараби лъезе.

**Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби ва гьел пасих1го ц1ализе ругьун гьари**

Школалда авар мац1 малъиялъ ц1алдохъабазул логикияб пикру ва калам цебет1езабула.

Калам цебет1езабиялда хурхараб 3 нух буго:

1. Авар мац1алъул дарсазда лъималазул раг1ул нахърател бечед гьаби. Гьеб бечед гьабула бат1и-бат1иял словариял х1алт1абаздалъун, учебникалда ругел ругьунлъиялъул х1алт1абазул текстаздалъун, к1алзул ва хъвавул изложенияздалъун, сочиненияздалъун.
2. Авар литературияб мац1алъул раг1аби лъугьиналъул, гьел дандраялъул, предложениял г1уц1иялъул, бит1ун ц1алиялъул ва гь.ц. нормаби лъай.
3. Авар мац1алъул дарсазда бат1и-бат1ияб темаялъул ва жжанралъул материалазда т1асан ц1алдохъаби к1алъазе ругьун гьари.

Ц1алдохъанасда лъазе ккола тексталда т1ад х1алт1изе,гьелъул аслияб пикру батизе,къокъаб ва г1ат1идаб план г1уц1изе, гьелда рекъон материал тартибалдеги ккезабун, (бицунги хъванги) изложение т1обит1изе.

Изложениязе текстал ва сочинениязе темаби т1аса рищулеб мехалъ, гьел тарбия кьеялъул ва г1елмияб рахъалъан дандекколел рук1ине ккола.

Ц1алдохъабазул калам цебет1езабиялъе бихьизабураб лъабабго нухалъ гьезул каламалъулъ дандч1валел г1унгут1аби ва гъалат1ал т1аг1инаризе квербакъула.

Хъвавул х1алт1абазул к1одолъи борцуна раг1абаздалъун ва ч1езабун буго гьезие гьаб къадар.

| Класс | Диктант | Словарияб | Сочинение | | Изложение |
|---|---|---|---|---|---|
| | Рагl1и | Диктант<br>Рагlи | Рагlи | Тlанчил гьумер | Рагlи |
| V | 80-90 | 10-15 | 90-100 | 0.5-1 | 100-140 |
| VI | 90-100 | 15-20 | 120 | 1-1.5 | 140-180 |
| VII | 100-120 | 20-25 | 140 | 1.5-2 | 180-220 |
| VIII | 120-130 | 25-30 | 160 | 2-2.5 | 240-300 |
| IX | 130-140 | 30-35 | 180 | 2.5-3.5 | 300-400 |
| | | | | | |

**Баян:** Х1асилазул (контролияб ) диктантги гьебго роцада гьабила, амма цадахъго грамматикиял т1адкъаял кьолел ругони, диктант къокъ гьабизе бегьула 10 раг1иялъ.

**Авар мацlалъе къиматал лъезе ч1езарурал нормаби.**

**1. К1алзул жавабалъе къимат кьолеб куц.**

«5» къимат лъола, мух1канго, г1ураб гъварилъиялда малъараб материал ц1алдохъанас бицунеб ва мац1алъул г1елмиял баяназе бит1араб определение кьолеб бугони, гьединго ц1ехолеб материал т1ок1к1ун лъалеб ва, гьелдаса пайдаги босун, т1ехьалда ругел гурелги, жинцаго ургъарал мисалаздалъун жаваб кьуни.

«4» къимат лъола щуйил къиматалъе мустах1икъаб, амма маг1наялъулъ, яги хадуб-цебе рекъон бач1иналъулъ,1-2 гъалат1 яги бицадулъ 1-2 сакъат ккараб жавабалъе.

«3» къимат лъола ц1ехолеб материал аслияб куцалъ ц1алдохъанасда бич1ч1ун ва лъан бук1ин бихьизабулеб, амма определение кьолаго, яги бит1унхъваялъул къаг1ида бицунаго, г1унгут1аби риччараб, т1убараб мух1канлъи гьеч1еб жавабалъе.

«2» къимат лъола малъараб материалалъул ц1ик1к1унисеб бут1а ц1алдохъанасда лъалеб батич1они, бицунеб жоялъул тартиб гьеч1ого, бак1-бак1алде к1анц1ун бицунеб бугони.

**Диктантазе къимат лъолеб куц.**

«5» Къимат лъола гъалат1 гьеч1еб х1алт1уе. Гьеб къимат лъолеб диктанталда бук1ине бегьула бит1унхъваялъулъ биччараб 1 сакъат яги лъалхъул ишараялъулъ ккараб 1 г1унгут1и.

«4» къимат лъола бит1унхъваялъулъ 2 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 2 гъалат1 бугеб, яги бит1унхъваялъулъ 1, лъалхъул ишарабазулъ 3, яги бит1унхъваялъулъ цониги гъалат1 гьеч1еб, лъалхъул ишарабазулъ 4 гъалат1 биччараб диктанталъе. Бит1унхъваялъулъ цого тайпаялъул 3 гъалат1 батаниги лъезе бегьула «4» къимат.

«3» къимат лъола бит1унхъваялъулъ 4 ва лъалхъул ишарабазулъ 4 гъалат1 батараб джиктанталъе, яги бит1унхъваялъулъ 3 ва лъалхъул ишарабазулъ 5, яги бит1унхъваялъулъ цониги гъалат1 гьеч1еб, лъалхъул ишарабазулъ 7 гъалат1 ккараб х1алт1уе.

«2» къимат лъола бит1унхъваялъулъ 7 ва лъалхъул ишарабазулъ 7, яги бит1унхъваялъулъ 6 ва лъалхъул ишарабазулъ 8, яги бит1унхъваялъулъ 5 ва лъалхъул ишарабазулъ 9, яги бит1унхъваялъулъ 8 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 6 гъалат1 биччараб диктанталъе.

**Грамматикиял т1адкъаял т1уразариялъе къимат лъолеб куц**

«5» къимат лъола, гъалат1 гьеч1ого, киналго т1адкъаял т1уран ратани.
«4» къимат лъола, киналго т1адкъаязул ункъилъа лъабил бут1а (3/4) бит1ун гьабун батани.
«3» къимат лъола, бащадалниги т1адкъаял рит1ун гьарун ратани.
«2» къимат лъола, бащдалдаса дагь гурони бит1ун т1уразарурал т1адкъаял ратич1они.

г1адамазул ва географиял ц1аразулъ, къват1азул, байданазул ва пачалихъиял байрамазул ц1аразулъ к1удияб х1арп хъвазе;
т1ахьазул, газетазул, журналазул, суратазул, кинофильмабазул, литературиял асаразул ц1аразул бет1ералда к1удияб х1арп хъвазе ва кавычкаби лъезе;
журарал раг1аби рит1ун хъвазе;

**10 класс (34 саг1ат)**
2- контролияб диктант

2- калам цебет1езаби

| № | Темаби | Саг1тал |
|---|---|---|
| 1 | Мац1алъул х1акъалъул г1аммал баянал | 1 |
| 2 | Стилистика ва каламалъул культура | 2 |
| 3 | Лексикология | 2 |
| 4 | Фразеология | 2 |
| 5 | Бит1ун аби (орфоэпия) ва интонация | 1 |
| 6 | Графика, бит1унхъвай ва пунктуация | 2 |
| 7 | Раг1ул г1уц1и ва раг1и лъугьин | 1 |
| 8 | Морфология | 16 |
| 9 | Такрар гьаби | 1 |

**11 класс (34 саг1ат)**
2 – контролияб диктант
2– калам цебет1езаби

| № | | Саг1тал |
|---|---|---|
| 1 | Раг1абазул дандраял ва предложение | 5 |
| 2 | Бет1ерал ва бет1ерал гурел членал | 3 |
| 3 | Тайпа цоял членал | 2 |
| 4 | Хит1аб, гьоркьор кколел раг1аби ва междометие | 3 |
| 5 | Жубараб предложение | 1 |
| 6 | Жубараб сок1к1араб предложение | 2 |
| 7 | Журарал нахърилълъарал предложениял | 5 |
| 8 | Такрар гьаби | 2 |

10-11 классазда авар мац1 малъиялъул аслияб масъалалъун буго цебехун малъараб программияб материалалъул к1вар бугел баянал гъваридго ва г1ат1идго такрар гьари.

# Авар мац1 10 класс.

| № п/п | Дарсазул темаби | Саг1тазул | Дарсил тайпа | Дарсил мурад | Рокъобе х1алт1и | Программаялъулаб | Х1ужжаялъул |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Мац1алъул х1акъалъулъ баян | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Халкъалъул г1умруялъулъ мац1алъул к1вар лъай;<br>2. Авар мац1алъул х1акъалъулъ къокъабго баян кьей;<br>3. Маг1арул мац1 ва гьелъул диалектал малъи | Мац1алъул х1акъалъулъ баян | | |
| 2 | Стилистика ва каламалъул культура | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Авар литературияб мац1алъул х1акъалъулъ бич1ч1и кьей. Халкъияб ва литературияб мац1 бат1а гьабизе лъай<br>2. Стилистикаялъул х1акъалъулъ бич1ч1и кьей. Литературияб мац1алъул хаслъаби рак1алде щвезари | Стилистика ва каламалъул культура | | |
| 3 | Лексика ва лексикология | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Лексикаялъул ва лексикологиялъул х1акъалъулъ цебехун малъараб материал щула гьаби;<br>2. Раг1ул бит1араб ва хъвалсараб маг1на бук1ин лъай;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Лексика ва лексикология | | |
| 4 | Синонимал. Антонимал. Омонимал | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Синонимал, антонимал, омонимал каламалъулъ х1алт1изаризе лъай;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 5-5 мисал бачине | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 5 | Фразеология | 1 | | 1. Фразеологиялъул ва фразеологиял сверелазул х1акъалъул баянал гъварид гьари;<br>2. Фразеологиялъул дандраялгун предложениял г1уц1изе ругьун гьари;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 10-20 фразеологиял сверелал рек1ехъе лъазаризе | | |
| 6 | Бит1ун аби ва интонация | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Орфоэпиялъул х1акъалъулъ бич1ч1и кьей;<br>2. Гъалат1ал риччач1ого, бит1ун к1алъазе бугеб бажари борхизаби;<br>3. Г1урус мац1алдаса рач1арал раг1аби бит1ун абизе ругьунлъи;<br>4. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 10-20 раг1и г1урус мац1алдаса бач1араб хъвазе, ударениеги лъун. 10 раг1и хъвазе нилъер росулъ, гъалат1ал риччан, абулеб | | |
| 7 | Бит1ун аби ва интонация. Логикияб ударение | 1 | Малъараб г1амлъиза би | 1. Интонацияги ц1унун, бат1и-бат1иял тайпабазул предложениял ц1ализе бугеб ругьунлъи камиллъизаби;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 2-2 бат1и-бат1иял тайпаялъул предложениял г1уц1изе | | |
| 8 | Контролияб диктант. Рит1уч1ил бурут1 | 1 | Х1асил гьаби | Бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул лъай борци | Малъараб материал такрар гьаби | | |
| 9 | Графика | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Графикаялъул х1акъалъулъ баян кьей;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Графика | | |
| 10 | Бит1унхъвай ва пунктуация | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Авар орфографиялъул аслиял къаг1идаби. Авар мац1алъул бит1унхъваялъул словарь, гьелъулгун лъай-хъвай гьаби;<br>2. Лъалхъул ишараби ва гьезул к1вар; | Бит1унхъвай ва пунктуация | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | | | |
| 11 | Раг1ул г1уц1и ва раг1и лъугьин | 1 | Комбин. | 1. Раг1и ва раг1ул формаби лъугьунел къаг1идаби ва, гьел формаби лъугьунаго, раг1ул кьибилалъулъ колел хиса-басиял рихьизари;<br>2. Раг1и морфемабазде биххизе ругьун гьари. Бат1и-бат1ил морфемабаздалъун ц1иял раг1аби лъугьинаризе лъазе;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Морфемабаз-далъун 10 раг1и лъугьинабизе | | |
| 12 | Предметияб ц1аралъул морфологиял категориял | 1 | Комбин. | 1. Предметияб ц1аралъул морфологиял категориязулгун лъай-хъвай гьаби (цебе малъараб г1амлъизаби);<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Морфологиял категориял | | |
| 13 | Предметияб ц1аралъул разбор | 1 | Малъараб г1амлъиза би | 1. Ц1алдохъаби предметияб ц1аралъул разбор гьабизе ругьун гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 3 предметияб ц1аралъул разбор гьабизе | | |
| 14 | Прилагательно е. Гьелъул морфологиял хасиятал | 1 | Комбин. | 1. Прилагательноя-лъул морфологиял хасиятал рак1алде щвезари ;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Прилагатель-ное. Гьелъул морфологиял хасиятал | | |
| 15 | Прилагательно -ялъул разбор | 1 | Малъараб г1амлъиза би | 1. Прилагательноя-лъул разбор гьабизе ругьун гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 3 прилагатель-ноялъул разбор гьабизе | | |
| 16 | Рик1к1ен | 1 | Малъараб г1амлъиза би | 1. Рик1к1еналъул х1акъалъулъ баян кьей; | Рик1к1ен | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 2. Г1адатал, журарал ва составиял рик1к1енал рат1а гьаризе лъай;<br>3. Рик1к1еназул бит1унхъвай малъи;<br>4. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | | | |
| 17 | Рик1к1еналъул морфологияб разбор | 1 | Малъараб г1амлъиза би | 1. Морфологияб разбор гьабизе ругьун гьари;<br>2. Калам цебет1езаби | 2 рик1к1ена-лъул разбор гьабизе | | |
| 18 | Калам цебет1езаби. Эбелалъул гъадаро | 1 | Калам цебет1еза би | 1. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби;<br>2. Эбелалъе гъадароялъул хиралъи щай бугебали лъай | Изложениялъе х1адуризе | | |
| 19 | Изложение. Эбелалъул гъадаро | 1 | Калам цебет1еза би | 1. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби;<br>2. Эбелалъе гъадароялъул хиралъи щай бугебали лъай | Малъараб материал такрар гьаби | | |
| 20 | Ц1арубак1. Ц1арубак1азул разрядал ва бит1унхъвай | 1 | Малъараб г1амлъиза би | 1. Ц1арубак1алъул х1акъалъулъ бугеб лъай гъварид гьаби (т/гь.);<br>2. Ц1арубак1алъул разрядал рак1алде щвезари;<br>3. Ц1арубак1азул бит1унхъвай такрар гьаби | Ц1арубак1 | | |
| 21 | Ц1арубак1алъу л разбор | 1 | Малъараб г1амлъиза би | 1. Цебехун малъараб материал такрар гьаби;<br>2. Ц1арубак1алъул разбор гьабулеб къаг1ида малъи;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 2-3 ц1аруба-к1алъул разбор гьаби | | |
| 22 | Глагол. Гьелъул грамматикиял г1аламатал | 1 | Малъараб г1амлъиза би | 1. Цересел классазда малъараб материал такрар гьаби (г1амлъизаби);<br>2. Переходный ва непереходный глаголазул х1акъалъулъ баян кьезе; | Глагол | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | | | |
| 23 | Глаголалъул заманаби ва наклонениял. Глаголазул бит1унхъвай | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Глаголазул заманаби ва наклонениял рат1а гьаризе ц1алдохъаби ругьун гьари;<br>2. Глаголазул бит1унхъвай рак1алда щвезаби;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Глаголазул бит1унхъвай | | |
| 24 | Причастие | 1 | Комбинир. | 1. Причастиялъул х1акъалъулъ баян кьей;<br>2. Причастиялъул глаголазда ва прилогательноязда релълъарал рахъал рихьизари;<br>3. Цебе малъараб материалалъул хал гьаби;<br>4. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Причастие | | |
| 25 | Деепричастие | 1 | Комбинир. | 1. Деепричастиялъул х1акъалъулъ ц1алдохъабазул бугеб бич1ч1и г1амлъизаби;<br>2. Деепричастиегун раг1абазул дандраял г1уц1изе лъай;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Деепричастие-гун 5 предлож. г1уц1изе | | |
| 26 | Калам цебет1езаби. Ишалъул кагътал | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Г1арза ва лъазаби хъвазе ругьун гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Газеталъе макъала хъвазе | | |
| 27 | Наречие. Гьелъул грамматикиял г1аламатал | 1 | Комбинир. | 1. Наречиялъул х1акъалъулъ баян кьей;<br>2. Наречиялъул грамматикиял г1аламатал малъи;<br>3. Наречиязул бит1унхъвай малъи; | Наречие | | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 4. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | | | |
| 28 | Наречиялъул разбор | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Наречиялъул разбор гьабизе ругьун гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 3 наречиялъул разбор гьабизе | | |
| 29 | Союзал | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Союзазе баян кьей;<br>2. Союзазул бит1унхъвай такрар гьаби;<br>3. Союзал гъорлъ ругел предложениял каламалъулъ х1алт1изаризе лъай | Союзал | | |
| 30 | Частицаби | 1 | Комбинир. | 1. Частицабазе баян кьей;<br>2. Частицабазул бит1унхъвай такрар гьаби;<br>3. Частицаби каламалъулъ х1алт1изаризе лъай | 5 предложе-ние частицабигун г1уц1изе | | |
| 31 | Хадурег1ел | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Хадурег1елалъе баян кьей;<br>2. Хадурег1елазул бит1унхъвай такрар гьаби;<br>3. Хадурег1елалги наречиялги тексталъулъ рат1а гьаризе малъи;<br>4. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Хадурег1ел | | |
| 32 | Междометие | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Междометиялъе баян кьей;<br>2. Междометиязул бит1унхъвай такрар гьаби;<br>3. Междометиял гъорлъ ругел предложениял бит1ун ц1ализе лъай | Междометиял-гун предложения г1уц1изе | | |
| 33 | Контролияб диктант. Милъиршаби | 1 | Х1асил гьаби | 1. Бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул даража борци;<br>2. Ц1алдохъабазул хъвавул калам борци | Малъараб материал такрар гьаби | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 34 | Х1асил гьабиялъул дарс | 1 | Х1асил гьаби | 1. Малъараб материал такрар гьаби ва щула гьаби;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | | | |

# *Авар мац1 11 класс.*

| № | ТЕМА УРОКА<br>**11 класс** | К-ВО Ч. | ПРАКТИЧЕСКАЯ РАБОТА | СЛОВАРНАЯ РАБОТА | Дата пр. | Ф.дата провед. урока |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | Синтаксис ва пунктуация. Раг1абазул дандраял ва предложение. | | | | | |
| 1. | **Раг1абазул дандраял ва предложение.** Синтаксисалъул аслиял бут1аби. Гьезда гьоркьоб бугеб бат1алъи.<br>Глаголал, пр. ц1ар, прилаг., нареч., аслиял бут1алъун ккезарун, раг1абазул дандраял г1уц1изе лъай. Раг1абазул дандраязул кумекалда предложениял г1уц1изе лъай. | 1 | Раг1абазул дандраяздасан предложениял г1уц1и. | Вацасул т1ехь, авар мац1алъул грамматика, калам гьабизе, рокъовехун инее, дудаг1аги гьикъизе. | 04.09 | |
| 2 | **Г1адатаб предложениялъул тайпаби.** Каламалъулъ предложениялъул к1вар. Лъалхъиялде балагьун хабарияб, суалияб, т1алабияб, ах1ул, ах1ул гурел предложениял.<br>Гьезул ахиралда лъалхъул ишараби. | 1 | Текстгун х1алт1и, синтаксисияб разбор. | Саг1идица берцин сурат бахъула.(хаб.,предложение). Саг1идица берцин сурат бахъулищ? (суалияб предложение). Саг1ид, дуца берцинго сурат бахъе.(т1алабияб предложение). | 11.09 | |
| 3 | **Предложениялда раг1абазул тартиб. Логикияб ударение.** | 1 | Текстгун х1алт1и, синтаксисияб разбор. | | 18.09 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 4 | **Г1адатал предложениязул синтаксисияб разбор.** Бат1и – бат1иял тайпабазул предложениязул роль тексталъулъ бихьизаби. Предложениялъул ахиралда колел лъалхъул ишараби лъезе лъай. Суалиял ва ах1ул предложениял гъорлъе ккезарун, цо гьит1инаб текст г1уц1изе. | 1 | Хабар г1уц1изе. | Бич1ч1изе, раг1изе, батизе ва гь.ц. глаголал сказуемояллъун ккарал мехалда подл. жинда падеж.; бокьизе, хиралъизе г1адал глаголал сказуемоелъун ккараб мехалда подлежащее кьовул падежалда бук1ин баян гьабизе. | 25.09 | |
| 5 | **Контролияб диктант.** | 1 | Диктантазул мажмуг1. | | 02.10 | |
| | БЕТ1ЕРАЛ ВА БЕТ1ЕРАЛ ГУРЕЛ ЧЛЕНАЛ. | | | | | |
| 6. | **Бет1ерал членал.**<br><br>Подлежащее. Гьеб х1алт1изарулел падежал. Подлежащеелъун бат1и – бат1иял каламалъул бут1аби ккей. Сказуемое. Ц1арулаб ва глаголияб составияб сказуемое. Бит1араб дополнение. Бит1араб дополнениелъун кколел каламалъул бут1аби. Сказуемое переходный ва непереходный бук1иналъухъ балагьун, подлежащеялда, бит1араб дополнениялда, сказуемоялда гьоркьоб бугеб бухьеналъул бат1алъи | 1 | Текстгун х1алт1и, синтаксисияб разбор. | 1.Цо параялъ сих1къот1ун ч1ана **Г1усман**. (щив?).<br><br>2. Гьев къват1иве вачана **г1агарлъиялъ**.(лъица?).<br><br>3. **Самида** ц1огьор вихьана. (лъида?).<br><br>4. **Вацасе** бокьун бук1ана хъешт1езе. (лъие?). Г1елму гьеч1ев – рекъав, г1акълу гьеч1ев – бецав. Ц1акъал, къадарал, бихьич1ев, рецаризе. | 09.10 | |
| 7. | **Бет1ерал гурел членал.** | 1 | Текстгун х1алт1и, синтаксисияб разбор. | | 16.10 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 8 | **Калам цебет1езаби.**<br><br>Текст. Планалъул к1вар.Описание гьабулеб текст къокъго, г1ат1идго бицине. Хабариял тайпаялъул текстал жиндирго ц1аралдалъун бицине ругьунлъи. | 1 | Тексталъул аслияб маг1на ва пикру загьир гьаби. Г1адатияб ва жубараб план.<br><br>Кицабазулъ, абиязулъ, бицанк1абазулъ ва связка батизе. | | 23.10 | |
| | Бет1ерал гурел членал предложениязулъ х1алт1изари. ЦАДАХЪЛЪЕЛ. | | | | | |
| 9 | | | | | | |
| | **Рат1алъизарурал членалгун предложеният.** | 1 | Текстгун х1алт1и, синтаксисияб разбор. | | 30.10 | |
| 10 | **Рат1алъизарурал членалгун предложениязулъ лъалхъул ишараби**. Подлежащее сказуемое жинсгун формаялъулъ рекъонккей. Бухьен гьоркьоб биччан бугони, подлежащеялда ва сказуемоялда гьоркьоб тире лъун ругьун гьари.<br><br>**ТЕСТАЛ.** | 1 | Текстгун х1алт1и, синтаксисияб разбор. | | 13.11 | |
| 11 | **К.ц. Тексталда г1агараб изложение** | 1 | Изложениялъул мажмуг1. | | 20.11 | |
| | Тайпа цоял членалгун предложенияал | | | | | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 12 | **Тайпа цоял членалгун предложениял**. Предложениязулъ тайпа цоял членазул бат1и – бат1иял кьерал. Тайпа цоял членал подлежащеегун, сказуемоегун, бит1араб дополнениегун рекъонккей. | 1 | Карточкаби, предложениялда тайпа цоял членал ратизе, гьезул падеж, форма бицине. | Дуниялги, халхъги, къисматги, инсанги, дунги. | 27.11 | |
| 13. | **Тайпа цоял членалгун предложениязулъ лъалхъул ишараби.** Тайпа цоял членал ругеб предложение членазде биххизе лъай. Тайпа цоял членал ругеб мехалда г1амлъул раг1аби ва гьенир лъалхъул ишараби (к1ит1анк1, тире) бит1ун лъезе ругьун гьари. | 1 | Текстгун х1алт1и, синтаксисияб разбор. | Кидаго, кибго, киналго, кисаго, кирего, щивниги, кибниги, киса – кибего.<br><br>Циндаго киналго рохана: Г1аишатги, Г1абдулаги, Насрулаги.Школалде, библиотекалде, клубалде- кивего щвана дун дуда хадув. | 04.12 | |
| 14. | **Контролияб диктант.** | 1 | | | 11.12 | |
| | Хит1абалги гьоркьор ккарал раг1абиги ва междометиялги гъорлъ ругел предложениял. | | | | | |
| 15 | **Хит1аб, гьоркьор ккарал раг1аби ва междометиялгун предложениял**.<br><br>Каламалда жаниб хит1аб, гьоркьор ккарал раг1абигун ва междометиялгун предложениязул к1вар. | 1 | Текстгун х1алт1и. | Талих1алъ, гьайгьай, узухъда. | 18.12 | |
| 16. | **Хит1аб ва гьоркьор ккарал раг1аби ругел предложениязулъ лъалхъул ишараби.** | 1 | Хит1абгун гьоркьор ккарал раг1абигун гьит1инабго хабар г1уц1изе. | **Дир х1исабалда**, жакъа роц1араб къо бук1ина.<br><br>**Х1акъаб раг1и**, Мах1муд гьунар бергьарав шаг1ир ккола. | 25.12 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 17 | **Хит1аб ва гьоркьор ккарал раг1аби ругел предложениязулъ лъалхъул ишараби.**<br>Интонация ц1унун ц1ализе ва лъалхъул ишараби бит1ун лъезе ругьун гьари. | 1 | Хит1абгун гьоркьор ккарал раг1абигун гьит1инабго хабар г1уц1изе. | | 15.01 | |
| 18 | **Диктант.** | 1 | | | 22.01 | |
| | Бит1араб ва хъвалсараб калам. | | | | | |
| 19 | **Бит1араб ва хъвалсараб калам.**<br>Бит1араб ва хъвалсараб каламалдаги авторасул раг1абаздаги гьоркьоб бугеб бухьен. Бат1и – бат1иял стилазулъ бит1араб калам х1алт1изаби. | 1 | Бит1араб ва хъвалсараб каламгун предложениял г1уц1и. | «Гьеб раг1и дица къабул гьабуна»,(бит1араб калам) - ян абуна Гунашилас.(авторасул раг1аби) | 29.01 | |
| 20. | **Бит1араб ва хъвалсараб каламгун предложениязулъ лъалхъул ишараби.** Авторасул раг1абаздаги бит1араб ва хъвалсараб каламалдаги гьоркьоб бугеб бат1алъи. | 1 | Текстгун х1алт1и.<br>Бит1араб калам хъвалсаралде сверизабизе бажари. | Дун, мун, ниж,нилъ, нуж – ц1арубак1., -ан,-ян,-илан,-йилан, -ин,-йин- цитатиял частицабазулъги к1удияб к1вар гьабизе ккола.(бит1.калам хъвалсаралде, ялъуни хъвалсараб калам бит1ар. хисизабулаго). | 05.02 | |
| 21 | **Диктант** грамматикиял х1алт1абигун. | 1 | Раг1абазул диктант. Текстгун х1алт1и. | | 12.02 | |
| | ЖУБАРАБ ПРЕДЛОЖЕНИЕ | | | | | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 22 | **Журарал предложениязул тайпаби.** Каламалъулъ гьел бит1ун х1алт1изаризе лъай. Союзал ругел журарал предложениял. | 1 | Текстгун х1алт1и, синтаксисияб разбор. | Мац1ал бат1и – бат1иял рук1ине те, амма рак1ал цо рук1а. | 19.02 | |
| 23 | **К.ц.** Конспектазда, докладазда т1асан к1алъазе.<br><br>Тестовияб х1алт1и. | 1 | | | 26.02 | |
| | ЖУБАРАБ СОК1К1АРАБ ПРЕДЛОЖЕНИЕ. | | | | | |
| 24. | **Жубараб сок1к1араб предложение.**<br><br>Маг1наялде балагьун, ЖСП ругел г1адатал предложениязул гьоркьоблъи. Союзазул кумекалдалъун гьел загьир гьариялъул къаг1идаби.Интонациялъул хасиятал ва гьезда рекъон лъалхъул ишараби. | 1 | Текстгун х1алт1и. Маг1наялде балагьун, ЖСП бут1аби рат1а гьаризе лъай (иш цого заманалда лъугьун бук1ин, иш хадуб – цебе тартибалда лъугьун бук1ин, иш цояб тун, цогияб лъугьун бук1ин ва гь.ц.)Журарал предложениязулъ лъалхъул ишараби лъезе.<br><br>Гьезул разбор гьабизе. | | 05.03 | |
| | ЖУРАРАЛ НАХЪРИЛЪЛЪАРАЛ ПРЕДЛОЖЕНИЯЛ. | | | | | |
| 25 | **Жубараб нахъбилълъараб предложение.**<br><br>Маг1наялде балагьун, ЖНП ругел г1адатал предложениязулъ гьоркьоблъи. | 1 | Союз гьеч1ел ЖС ва ЖНП синонимал х1исабалда х1алт1изари<br><br>Бат1и –бат1иял стилалъул каламалъулъ ЖНП | ЖНП г1уц1и: бет1ерабги т1аджубараб предложениялъул цо ч1араб бак1 бук1унареблъи. Гьел цолъизаризе х1алт1изарулел союзраг1абиги. | 12.03 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | х1алт1изариялъул къаг1идаби. ЖНП синтаксисияб разбор гьабизе. | | | |
| 26 | **Т1аджураралгун ругел ЖН предложениял** | 1 | Текстгун х1алт1и, синтаксисияб разбор. | | 19.03 | |
| 27 | **Каламалъулъ ЖН, ЖС ва рат1а гьарурал членалгун предложениял**.<br><br>Каламалъулъ ЖН, ЖС ва рат1а гьарурал членалгун предложениял г1адатал предложениязул синтаксисалъул синонимал х1исабалда разбор гьабизе ругьунлъи. | 1 | | | 02.04 | |
| 28. | **К.ц. Сочинение.**<br><br>Героязул ишазе лъугьа – бахъиназе къимат кьезе. | 1 | План г1уц1и, сочинение хъвай. | | 09.04 | |
| 29 | **Цо чанго т1аджубарабгун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложение** | 1 | Текстгун х1алт1и. | Хадур – цере нахърилълъарал т1аджураралгун ругел журарал.Цойиде нахърилълъарал т1аджураралгун ругел журарал.Ц1ик1к1ун жура – гъурай бугел чанго прдложениялдаса г1уц1арал журарал нахърилълъарал предложениял. | 16.04 | |
| 30 | **Цо чанго т1аджубарабгун бугеб ЖНП г1уц1и**. | 1 | Текстгун х1алт1и | | 23.04 | |
| 31. | **Союзал ругеб ва союзал гьеч1еб, цо чанго предложениялдаса г1уц1араб ЖНП.** | 1 | Текстгун х1алт1и, журарал предложениязул разбор | | 30.04 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | Сок1к1иналъулги нахъбилълъиналъулги бухьен жиндилъ бугеб жубараб предложение. | | гьабизе ва гьенир лъалхъул ишараби лъезе ц1алдохъабазул бажари камил гьари. | | | |
| 32. | **Контролияб диктант.** | 1 | Диктантазул мажмуг1. | | 07.05 | |
| 33. | Такрар гьаби. | 1 | | | 14.05 | |
| 34. | **Тесталъулаб х1алт1и**. Автобиография, расписка, доверенность. | 1 | Гьалмагъасул х1алт1уе къимат кьезе (рецензия). | | 21.05 | |
| 35 | **Резервный урок** | 1 | | | 28.05 | |